

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 68
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email: journalndongozi@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
Jn 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°774 01 Nyakanga 2022

Umunsi mukuru w'indagano mu muryango w'ababikira Bene Umukama



Ku musi wa gatandatu igenekerezorya 13 myandagaro 2022, umuryango w'ababikira Bene Umukama wari uramukanye akanyamuneza ko kwakira mu muryango wabo abayegurira Imana mu ndagano za mbere n'iza burundu, abandi bagahimbaza yubile y'imyaka mirongo ibiri n'itanu.

Inkuka y'imisa yabereyemwo imigirwa yaherejwe kuri paruwase

Soma ku Rup. 4

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

* *A. Noël NTIRANDEKURA*

Abamenyeshamakuru:

* *A. Noël NTIRANDEKURA*

* *Mélance NDAYIKEZE*

* *MSV Marie Goreth NDIKUMANA*

Uwujejwe ubuhinga:

* *Chanel HARINGANJI*

Umunyamabanga:

* *MSV Marie Goreth NDIKUMANA*

Umunyabigega:

* *MSV Anatolie NIYIMPAYE*

Uwujejwe imigenderanire:

* *J. de Dieu NDIKUMANA*

Umuzo w'Inkuru nziza ya Yezu Kristu mu Burundi n'ingene twobandanya kuyiremesha



Soma ku Rup. 3

Ibirimwo

- o Umuryango wa Bene Tereziya waraye usubiye gusamiriza impundu iturutse ku ndagano za Yubile... 5
- o Impundu mu muryango w'Incoreke za Bikira Mariya.....6

- o BarAahiriwe abasuku shebuja azosanga bagiteramye bamwiteze..... 7
- o Hahiriwe abitonda kuko bazotorana isi (Matayo 5,5).....9

Idominika ya 23, Umwaka C

Igisomwa ca mbere: *Ubwitonzi: 9,13-19*

Inkuru nziza: *Luka : 14,25- 33*

Ivyo dusoma mu gitabu c'Ubwitonzi :

(Ni Imana itanga ubwenge nya bwenge)

Ni nde yoshobora kumenya imigabo y'Imana ? Ni nde yoshobora gutegera ico Umwaka ashaka ? Ivyo abagenewe gupfa bahora biyumvira bigarukira hafi, ivyo bahora biyumvira birahindagurika ; nkako nyene umubiri wagenewe gupfa uraremera umutima, ya nzu y'ibumba ikaremereza ubwenge ivyiyumviro vyinshi. Biratugora kumenya ibiri hano kw'isi, ibiri hafi turiruhisha cane ngo tubibone ; none ni nde uwoshobora guhishura ibiri mw'ijuru ? Bisubiye kandi, ni nde yari kumenya ico ushaka, utabanje kumuha ubwenge n'ukumurungikira, uvuye mw'ijuru, umutima wawe mweranda ?

Uko ni ko inzira z'abantu bo kw'isi zagorowe, uko ni ko abantu bigishijwe ivyo ushima, ubwenge wabahaye bukabashikiriza urukiza.

Igisomwa ca kabiri : *Filemo 9 -10.12 -17*

Ivyo dusoma mw'ikete Umutumwa Paulo yandikiye Filemo:

(Uwari umushumba wese yarabaye mwene wanyu)

Mwananje nkunda cane:

Jewe Paulo, naho nabaye umutumwa nkaba n'ubundi imbohe kubera Kristu Yezu, hari ico nshaka kugusaba cerekeye Onezimo, wa mwana wanje ni vyariye mu ngoyi. Niwe rero nkurungikiye kandi uwo ameze nk'umushaha wanje. Nari n'iciyumviro co kumugumya hafi yanje ngo ankorere mu kibanza cawe mu ngoyi ndimwo kubera Injiri. Ariko ntavyo nashatse gukora ntakugishije inama, kugira ngo iciza ukora ntikive kugahato, ariko kive kugushaka kwawe.

Kumbure, icatumye atandukana nawe umwanya mutoyi kwari ukugira ngo umusubizwe imyaka yose, Atari nk'umushumba, mugabo asumba rwose umushumba, abe mwenewacu mfise ku mutima, nawe urushirizeho kumukunda mu bantu no muri Kristu. Nuko rero, niwaba wemera ubucuti dufitaniye, numwakire nkuko yoba ari jewe wakiriye.

Alleluya, Alleluya.

- Inyonga zawe nizimurikire umusavye wawe, unyigishe ivyo ushaka.

Alleluya.

Ivyo dusoma mu Nkuru Nziza ya Yezu Kristu nkuko twayishikirijwe na Luka:

(Uguca ubwenge ni ukwiyambura ivy'isi ugakurikira Yezu)

Isinzi ry'abantu ryari rigendaniye Yezu, hanyuma arahindikira ababarira ati : « Umuntu niyaza iwanje ntahebe se na nyina, umugore n'abana, benenyina na bashikiwe, mbere n'amagara yiwe, ntashobora kumbera umugendanyi. Uwutikorera umusaraba wiwe ngo ankurikire, ntashobora kumbera umugendanyi.

Ni nde muri mwebwe yoshaka kwubaka inzu, ntabanze kwicara ngo arabe ko afise ibiyujuje ? Kugira ngo amaze gutangura, ntayite urukankara, bose ngo bamutwenge bati : «'Uyu muntu yatanguye kwubaka inzu, vyamunaniye kuyuzuzza.' Canke ni uwuhe mwami yoja gutera uwundi ntabanze kwiyumvira ko abantu biwe ibihumbi cumi bashobora gutsinda uwuje kwivunisha ibihumbi mirongo ibiri ? Atabishoboye, arungika intumwa gusaba itekane wa mwami akiri kure.

Niko, uwo wese muri mwebwe adashobora guheba ivyo atunze vyose, ntashobora kumbera umugendanyi. »

**SOMA NDONGOZI
ANDIKIRA NDONGOZI
KUNDISHA NDONGOZI
TERERA NDONGOZI**

Umuzo w'Inkuru nziza ya Yezu Kristu mu Burundi n'ingene twobandanya kuyiremesha



Ku magenekerezo ya 16 gushika 19 Myandagaro 2022, muri Diyoseze Gatolika y'i Muyinga, haratunganijwe ihwaniro ry'urwaruka gatolika rigira 14 n'ikoraniro ka-minuza rya mbere ryo guhimbaza Ukaristiya ku rwego rw'igihugu. Icivugo c'iryo hwaniro cari: «Jewi ndi wa mukate w'ubuzima» (Yohani 6,48) «Va hasi uhagarare Nashatse kukugira umusuku n'icabona c'ivyo uhejeje kubona n'ivyo nzokwereka hanyuma» (Ibikorwa 26,16)

Inyigisho zikaba zatanze ahanini n'Abepiskopi.

Mu nyigisho yiwe, Musenyeri Yohakimu Ntahondereye arabaza urwaruka ati: «Uwambere yatanguye kumenyesha Inkuru Nziza ninde?»

Uwatanguye ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru nziza ya Yezu Kristu ni Yezu Kristu we nyene ubwiwe.

Mu gihugu cacu c'Uburundi uwambere yaje nk'umumisiyonari aje

kumenyesha inkuru nziza ni cardinal Lavigier, Uwakabiri ni MUSENYERI Gerboin, Uwagatatu ni Musenyeri Julien Gorji wo mu gihugu c'ubufaransa, uwakane ni Musenyeri Antoni Grauls.

Cardinal Lavigier yaguma yigisha abo basangiye ubutumwa muri Afrika ko bataje kwubura ibindi bihugu canke imigabane yo kw'isi ariko ko baje kwigisha abantu inkuru nziza ya Yezu Kristu no gukiza abantu.

Bose bari abapatiri 6. Bose buririye ubwato i Marseille. Bashikira muri Tanzaniya muri Zanzibar i Bagamoyo ahari hari abaja bajanwa iburaya n'Amerika. Kuva Bagamoyo gushika mu Burundi hari ibirometero birenga 1000 kandi baza n'amaguru.

Umwe muri bo Pascal yapfiriye mu nzira. Bagenda bararuhuka mu nzira bagenda barahera abatware ngo babareke ntibabice. Bashikiye mu Rumonge. Batatu (3)

muri bo baca barabica, babiri basigaye baciye bahungira muri Kongo.

Musenyeri Francois Gerboin yararongoye Misiyoni ya Runyanyembe, yaciye arungika abandi bapatiri b'abamisiyonari. Musenyeri F. Gerboin yaciye yizira ashikira Misugi ashinga Misiyoni ya mbere mu 1897. Nawe acasubira Rushirombo.

Nabo baciye bava Misugi bimukira Muyaga. Muyaga rero niho habaye Imisiyoni ya mbere yaramye, hakurikira Mugeru, hama Buhonga 1902. Haciye hakurikira Misiyoni ya Kanyinya ahatwara umuganwa yitwa Muhini yumvikana n'umwami, hanyuma baje gutanguza Misiyoni ya Rugari nayo mu 1909.

Umwitwarariko wabo wari uwo kuguma bunze ubumwe na Yezu mu kuguma basoma kandi bigisha ijambo ry'Imana cane cane ryo mu Bwuzure Bushasha. Baritwararika kuremurura abarwaye mu kubavura. Baritwararika guteza imbere abantu mu gushinga amashure bipfuzako muri bo habonekamwo ababunganira mu butumwa.

Mu mwaka wi 1912 hashinzwe intara y'ubutumwa nshasha ya Kivu ayishinga Musenyeri Hirti. Uwo Mwangere yari ageze muzabukuru nta gishasha yashoboye gushikako. Mu 1922 niho Papa yashinga I Mugeru

icicaro c'Umwepiskopi cambere mu Burundi.

Mu 1925 niho hatirwa abapatiri bambere baburundi i Mugeru. Yashinze ko abitegurira ibatisimu bamara imyaka 4 bategurwa. Yarakomeje ubutumwa bw'abamenyeshamana ararwiza n'amashure yitabariro ari yo Masikirisare.

Abamenyeshajwe Inkuru nziza ubwa mbere hari mwo n'abatware. Yitavye Imana, haciye hakurikira Musenyeri Grauls nawe araheza arashinga amamisiyoni mashasha. Yarongereje amashure, amavuriro, ibigo vy'ibikorwa vy'ikigongwe. Mugenziwe Musenyeri Yozefu Martin nawe yabandanirije aho nyene.

Abasenyeri b'abarundi rero tumaze kuronka n'aba:

1. Musenyeri Michel NTUYAHAGA, Umwungere wa mbere w'imvukira
2. Musenyeri André MAKARAKIZA yaritavye Imana yahora arongoye Diyoseze ya Gitega
3. Musenyeri Nestor BIHONDA yaritavye Imana yahora arongoye Diyoseze ya Muyinga
4. Musenyeri Stanislas KABURUNGU ari mukaruhuko k'izabukuru yahora arongoye Diyoseze ya Ngozi.

Umunsi mukuru w'indagano mu muryango w'ababikira Bene Umukama

(Bitangurira ku rup.1)

Mikaheli mweranda i Bujumbura irongowe n'Umwungere Mukuru wa Diyoseze nkuru ya Bujumbura, Nyenicubahiro Musenyeri Gervais Banshimiyubusa, akiki-jwe n'uwahoze arongoye iyo Diyoseze, Nyenicubahiro Musenyeri Evariste Ngoyagoye, n'abasaserdoti bari bitavye urwo rubanza Imbere y'uko inkuka ya misa itangura, habanje guhamagarwa abaramukanye uyo munsi mukuru.

Amazina y'abanovisi bagize indagano za mbere ni aya :

Novice Eliane Niyongabo (Ryarusera Bujumbura), Novice Vénérande Verène Nizigiyimana (Rushubi Bujumbura) na Novice Yvette Muhimpundu (Cankuzo Ruyigi).

Abiyegurira Imana mu ndagano z'imyaka yose ni :

Mama Aline Nduwimana avuka i Bukwavu bwa Bujumbura, Mama Ildegarda Ntirampeba avuka i Munanira wa Bujumbura ;

Ababikira 3 bakengurukira Imana ku myaka 25 bamaze mu buzimwa bwihavyi muri uyo muryango wa Bene Umukama ni :

Mama Anna Marie Mushiranzigo, Mama Menedora Konakize na Mama Gudula Harerimana.

Hari kandi n'Umubikira mama Rosata Segeya yakengurukira imana ku myaka 50 amaze ari muri uyo muryango w'ababikira Bene Umukama. Ivyobiheze, inkukay'imi-



sa yaciye itangura icese Mu nyigisho yiwe, Umwungere Mukuru wa Diyoseze nkuru ya Bujumbura, Nyenicubahiro Musenyeri Gervais Banshimiyubusa yabanye gukeza ababikira bose Bene Umukama bari baramukanye urwo rubanza, kumwe n'abandi bose bari baje kubashigikira.

Yaribukije abari aho insiguro y'umuhamagaro n'ukuntu umwe umwe wese ahamagarwa mw'itogwa ryiwe. ati : « Mweho amaso yanyu arahiriwe kuko abona n'amatwi yanyu kuko yumva. » Mbega abahiriwe ni bande? Aboshobora kugorwa ni bande? Bivuye kuki? Yishimikije ijamba ry'Imana, nkuko twarishikirijwe na Matayo 13, 10-15. Afatira ku nyifato ya bandi Yezu yakorera ibitangaro ntibabibone, akigisha ntibumve muri wa mugani w'umubivyi yibibira imbuto (Mat 13, 4-8). Yezu yahereye aho yishura abatumba ati ndabigisha ntibumva, banka gutegera. Ngabo rero abo Yezu yavugaga ko bagowe badahindutse. Yezu yarahejeje n'ukubigisha muri wa mu-

gani w'imbuto. Yavugaga rero abafarizayo bishimira bakishimikiza ubuyuda bwabo hakumwakira, hakuba urumuri nibo bari basigaye babera umuzimiza abandi Duca dutegera ko uwo Imana yitoye ntibageandere iryo torwa aza guhubisha abandi, ntababere umuco. Uyu munsi yezuavuze abahiriwe, bumva kandi babona... mu gutorana n'ukugumana nawe mu kumwumvira.

Abo ni bamwe bameze nka ka kavu kinjiye kakiriye ya mbuto rumwe rukigira ijana, iyindi mirongo itandatu, iyindi mirongo itatu. Yezu rero asa n'uwubabwiye ati ntimugire ubwoba ko mwantoranye, muzokwama imbuto ijana kwijana.

Ni co gituma muri ubu buzima turimwo, atawuhamagariwe kuraba uwundi, ahubwo yoraba ko ariko yama imbuto. Uwufise iyo ngabirano niwe afise amatwi yumva akagira n'amaso abona. Kubera iryo teka rero, tutamwiyonkoyeko, ico dusabira cose kwa Mana Data turakironka. Imperezwa zose dutanga zirakirwa, zi-

gashimwa kwa Data. Mwese rero nimuhimbawe kuko inzira mwatoranye ari inzira nziza kuko mu ndagano mugira muba mukwakira ishaka ry'Imana muri bwa bugamburutsi, bwa bwerentegerwa na bwa bworo. Ishaka ry'Imana niryo risigara ari imfungurwa y'ubuzima bwanyu.

Yarangije abasaba kugendera ibanga ryabo ridasa niry'abandi. Ati : «Mubaye abihavyi beza, ivyiza vy'Umukama birabataha bikadukomeza. Murabe amakara ntimize mube urubeya». Inyuma y'iyi nsiguro ni ho haciye haba imigirwa nyezina y'ugushikiriza indaganokubaribaviteguriye.

Inyuma y'Inkuka y'imisa, Umukuru w'Umuryango yarakiriye abashitsi mu gatutu, arabazimana, arabashikiriza ijamba ririmwo ukwakira icese abashasha n'ugukeza ababikira bose bari baramukanye amateka. Aranakeza n'abavyeyi babibarutse.

Aba na bo, baserukiye n'umwe mu bari bakwije imyaka 25, barakengurutse, baremera kuzoryumako. Abavyeyi no baremeye ko bagabanye abandi bavyeyi nkabo kandi ko bazobasabira, batazigera babera intambanyi ikibondo kirondeye kwihebera Imana.

Umusi warangiriye urtyo mu kanyamunenza k'umuvukano.

Ibibangamiye urwaruka n'inyishu twobitorera

Inyigisho igira kabiri yo ku musi ugira kane w'Ihwaniro 18.08.2022, yatanze na Nyenicubahiro Musenyeri Georges BIZIMANA Umwepiskopi wa Diyoseze ya Ngozi, yerekeye «**Ibibangamiye urwaruka n'inyishu twobitorera**»

Ahejeje kuramutsa abanyacubahiro n'abanyenama bose, yagize ati: iyo habaye Ihwaniro nk'ukundi uku tukabaza urwaruka ibirubangamiye gusumba ibindi, ikiguma kigaruka cane ni iki ngo : ubukene hamwe n'ukubura akazi (agashomeri).

Kubw'uyo Mwepiskopi ngo «Nkako ubukene ni inkomoko y'amabi yose kandi buri kwinshi. Yamara inkomoko yabwo ifatiye ku bukene bw'ubuzima bw'umutima».

Kugira ngo ashobore kwinjiza neza abanyenama mu nyigisho nyezina, yashimye kwifashisha ijamba ry'Imana dusa-

nga mu Nkuru nziza ya Mariko 6,30-44 ritubwira ingene Yezu yagwiye imikate afatiye ku mikate itanu n'ifi zibiri gusa.

Ati: «Yezu kubwa kame-re yiwe y'ubumana yari ashoboye gukora ibitangaro ata na kimwe afatiyeko, ariko yarashimye kwifashisha ivyavuye mukubira akuya kw'abantu. Yezu, nk'umwigi-sha mwiza, iyo hari ikibangamiye abiwe, aba yabibonye nk'ejo kandi akwumva ikibabagwe. Ntiyazanywe rero no kutuzamura gusa ku vy'umutima ariko kandi no ku mubiri.»

Umwungere ati: «Iteka ry'umuntu ni uko abohoka ku mutima no ku mubiri. Kuronka itunga ry'ibintu bikwegukiye kandi waronse mu butungane ni vyiza yamara iteka ry'umuntu rishingiyeye cane cane ku mutima w'ubwenge yaremanye aheza akikorako mu kubitunganya.»

Mbega amatungo yose umuntu aronka ni meza ?

Kubwa Musenyeri Georges, hari amamuko abiri y'amatungo.

Ubwa mbere hari amatungo umuntu ahabwa n'ubwira bwiwe hamwe n'imigisha y'Imana. Mugabo iyo ayo matungo uno muntu ashatse kuyiyitirira akibagira ko inguvu yayaronderanye ari umutahe w'Imana, ubutungane buba bubuze. Aha duca tubona igituma na Yezu yihaye uburenganzira bwo gutumako imikate itanu n'ifi zibiri. Iyo utwo dukate dutanu n'udufi tubiri gusa bidaca kwa Yezu vyari kuguma uko nyene.

Ariko aho umutumwa yemeye kubizanira Yezu, vyabaye ibindi bintu kandi n'uwari yaje abitekeye yarungutse kuruta. Ubwa kabiri hari amatungo yamuka kuri seki-

bi, kuko nyeneyo yayashikiriye biciye mu busuma, ububeshi, ubwicanyi, ubusambanyi n'ubundi buhemu ku buryo hari n'abagera ku rugero rwo kugiriranira amasezerano na shetani.

Amatungo bene ayo ntaho aheza ngo ashikane umuntu, kuko naho aba atunze nk'uko aguma yiyugumbira, rimwe na rimwe mbere agashika no ku rugero rwo kwishira akagozi mw'izosi.

Ikibabaje rero n'uko kuri iyi si hari n'urwaruka kandi rutari ruke, rucambirwa amatungo bene ayo adatunganye.

Iyo umuntu ageze ku rugero rwo guhendwa n'ivyawe, araheza akibira mu kuzimu aciye ku ngazi zitatu zo kumushikanamwo:

1. Kwishimira itunga yibagiye nyene itunga nyezina (Imana).

Ibikur. urup. 7

Umuzo w'Inkuru nziza ya Yezu Kristu mu Burundi n'ingene twobandanya kuyiremesha

(Bitangurira ku rup.3

5. Musenyeri Joachim RUHUNA yagandaguwe mu gihe yararongoye Diyoseze Nkuru ya Gitega.

6. Musenyeri Bernardo BUDUDIRA yaritavye Imana yahora arongoye Diyoseze ya Bururi

7. Musenyeri Rogeri MPUNGU yaritavye Imana yahora arongoye Diyoseze ya Muyinga

8. Musenyeri Joseph NDUHIRUBUSA yarita-

rye Imana yahora arongoye Diyoseze ya Ruyigi.

9. Musenyeri Evariste NGOYAGOYE ari mukaruhuko k'izabukuru yahora arongoye Diyoseze Nkuru ya Bujumbura

10. Musenyeri Simon NTAMWANA ari mukaruhuko k'izabukuru yahora arongoye Diyoseze Nkuru ya Gitega

11. Musenyeri Yohani Berchmans NTERERE yaramaze kwitaba Imana yahora arongoye Di-

yoseze ya Muyinga

12. Musenyeri Yohani NTAGWARARA arongoye Diyoseze ya Bubanza.

13. Musenyeri Gervais BANSHIMIYUBUSA arongoye Diyoseze Nkuru ya Bujumbura

14. Musenyeri Yohakimu NTAHONDEREYE arongoye Diyoseze ya Muyinga

15. Musenyeri Venansi BACINONI aherutse kwitaba Imana yahora arongoye Diyoseze ya Bu-

ruri.

16. Musenyeri Bonaventure NAHIMANA arongoye Diyoseze Nkuru ya Gitega

17. Musenyeri Blaise NZEYIMANA arongoye Diyoseze ya Ruyigi

18. Musenyeri Joriji BIZIMANA arongoye Diyoseze ya Ngozi

19. Musenyeri Salvatori NICITERETSE arongoye Diyoseze ya Bururi.

Ibikur. urup.7

Ubuzima bwa Nyakwigendera Patiri Michel Kayoya

Ku musu wa gatatu igenekerezo rya 27 mukakaro 2022, Umwungere wa Diyoseze nkuru ya Gitega, musenyeri Bonaventura NAHIMANA yarayoboye ibikorwa vy'ugukwangura umugambi wo gutanga agacumu k'ubumwe mu ndero yerekeye imico runtu na rukristu bivoma mu nyigisho za patiri Misheli KAYOYA.

Ibikorwa vyabereye ku murwa mukuru wa Diyoseze ku Mushasha mu nyubakwa y'amanama yitiriwe Umweranda Papa Yohani Paulo wa kabiri.

Ibikorwa nyezina vyuguruwe n'Umwungere wa Diyoseze haca hakwirikira ibiganiro vyatanze na Musenyeri Nesitori NIYOKONDI, Icaraho gikuru c'Umwungere Mukuru wa Diyoseze nkuru ya Gitega; Umushingantahe Silivestre NTIBANTU-NGANYA yahoze ayoboye igihugu c'Uburundi na Musenyeri Simoni NTAMWANA, yahoze ayoboye Diyoseze nkuru ya Gitega.

Bunganiwe n'abasaserdoti babiri Turko Fausino na Gaburiyeri Basuzwa Lusunwa basanzwe bashinzwe gukwirikirana ibikorwa vy'ugushikana patiri Misheli KAYOYA, abaseminari b'i Buta bitiriwe Abamaratiri b'Umuvukano hamwe n'abasemiyonari batatu b'i Buyengero.

Mw'Ijambo ryo kwugurura ibikorwa, Musenyeri Bonaventura yame-

nyesheje ko intumbero yavyo ari ukurondera kwubaka igihugu kirangwa n'imico myiza y'ubuntu, ubutungane n'ubufasoni ishimikiye ku mico rukristu ishorera imizi mu kwemera Imana.

Icipfuzo ciwe n'uko n'urwaruka rw'aya mango patiri Michel KAYOYA yorubera nk'isoko ruvomamwo imico myiza kama yoranga umuntu yuzuye, umushingantahe afitiye ikimazi igihugu ciwe mu migenzo ishikana kw'iterambere rirama rikaramba.

Ikindi n'uko ubuzima bw'uwo muhisi bwomeyekana kuko abatari bake bazi iryo zina gusa bakamenya nuko yagandaguranywe n'abandi 43 mu kiza co mu mwaka wa 1972.

Vyoba vyiza rero abantu bamumenye neza, bakamenya inyigisho ziwe, maze bagaca mu makanda yiwe gushika bashikire iterambere ryuzuye rirangwa n'amahoro amahonda(n'umukate).

Mu kiganiro yatanze, musenyeri Nesitori NIYOKINDI yamenyesheje ivyaranze ubuzima bwa patiri Misheli KAYOYA, inyigisho ziwe n'ubutumwa yaranguye.

None Patiri Misheli KAYOYA, ni nde?

Uwo musaserdoti yavukiye mu Kibumbu kw'igenekerezo rya 8 kigarama mu mwaka w'1934. Yatiwe mw'ibanga ry'ubusaserdoti kw'igene-

krezo rya 8 Mukakaro umwaka w'1963.

Amaze kwatirwa yararanguriye ubutumwa mw'iparuwase ya Rusengo aho yashinze Ikigo ndagamico ca Buyogoma.

Yahavuye arungikwa mu vyigwa i Lile mu gihugu c'Ubufaransa.

Agarutse yarashinzwe kuyobora Iseminari ya Mugeru. Yararungitswe muri diyoseze Muyinga aharangurira ubutumwa bw'ugutanga agacumu k'ubumwe mw'izamurwa ry'ikigega cayo.

Ni we yatanguje umugambi w'Ishirahamwe ry'abasaserdoti kavukire begukira amadiyoseze aya mango rigeze ku rwego rw'Eklezia y'Uburundi yose.

Ni we kandi yatanguje umugwi w'abigeme bahavuye bemerwa nk'uwabihebeyimana bigana Umuryango mweranda w'i Nazareti.

Patiri Misheli KAYOYA yari afise umwitwaririko w'ukuba umuntu yuzuye; umuntu mu bandi; umuntu yuzuye ubuntu. Yipfuza ko abantu bose cane cane abarundi baronka amahoro n'amahonda (n'umukate).

Inyigisho ziwe yaziseruriye mu nyandiko ziri mu bitabu bibiri ica mbere yise : „ ku makanda ya dawwe“(Sur les traces de mon père) ica kabiri; hagati y'isi(imihingo) ibiri (Entre deux mondes).

Ibindi musenyeri Nesitori yagarutseko nuko patiri Misheli KAYOYA yari umuntu yanywanye na Yezu Kristu bimwe bishitse.

Kuri we, urukundo nyarwo ni urufasha abandi kuba beranda buzuye Imana kuko uwutagira Imana aba ari umuja. Bitayeko ubuntu nyabwo bushingiye imizi muri Kristu, umuntu wese rero agasabwa kwihatira gusa na We.

Patiri Misheli KAYOYA ni umuhanuzi wo mu bihe vyose; umusaserdoti yopfuma apfa, hako ahemukira ukwemera kwiwe.

Ni akarorero k'umusaserdoti afitiye umwitwaririko munini ubusho ashinzwe; umusaserdoti afitiye umwete w'ubutumwa kugira ngo abantu bose buzure ubuntu nya buntu.

Abashingira intahe patiri Misheli KAYOYA:

Silivestre NTIBANTU-NGANYA yahoze ayoboye igihugu c'Uburundi, we mbere yiboneye amaso mu yandi uwo musaserdoti yamubereye umurezi mw'Iseminari y'i Mugeru, yemeza ko ubuntu n'inyigisho vya patiri Misheli KAYOYA vyobera abarundi isoko n'umushinge mwiza vy'ukurekurirana n'ugusubiza hamwe.

Ibibangamiye urwaruka n'inyishu twobitorera

(Bitangurira ku rup.5)

2. Kurondera ivyubahiro no kwibara uko atari, gushika n'aho yigira iki-mana

3. Ubwishime bumutu-ma ataco acibanga, nta-be akimenya ko yamazze gushika mu nyenga y'agaheza.

Umuntu arondera itunga ari kumwe n'Imana maze n'ivyo yimbuye akabishira mu minwe ya Kristu, akihereza ivyo yabanje kubirira akuya, arahezagirwa.

Mu kuturera Imana ishaka ko dutanga umutima n'umubiri wacu mu butungane.

None ingorane urwaruka rurimwo zikomoka hehe ?

Kubwa Musenyeri Georges, umuzi w'ingorane zihanze urwaruka ufise amashami icenda ari yo: Abahanuzi babi, Kudashishoza, Kwihebura, Ubunembwe, Ubwishime, Ishari, Inzigo n'urwanako, Inda ndende n'ukwigungirako, Ubuhumbu n'uburyarya.



Bamwe mu rwaruka rwari rwitavye ihwaniro rigira 14 ry'Urwaruka muri Ekleziya y'i Burundi

Inama agiriye urwaruka Musenyeri Georges yasozereye inyigisho yiwe, asaba urwaruka kwumva ko bafise ubutumwa nka bumwe Umukama yaha umuhanuzi Yereimiya igihe yamuhagarira iteka n'ibanga ry'ubuhanzu. Ubwo butumwa na bwo si ubundi ni ubwo kurandura, guseniyura hamwe n'ubwo kwubaka no guteragira.

Niko kwerekeza ku rwaruka arubwira ati: "Rwaruka, genda murandure, musenyure, mwubake, muteragire nk'uko Yereimiya yabigize, ubona ko yahamagariye ubutumwa agifise imyaka nk'iyi abatari bake muri mwebwe bafise, ni ukuvuga

icumini n'indwi.

Ivyo musabwewe guse-nyura na vyo si ibindi atari za mpome z'ibicumuro vy'urusobangane bisinzikaje igihugu cacu nk'ubuhumbi, ubunembwe, ubusambanyi, ubusuma, ubwicanyi, igiturire ka mwana wa mama na mpinga yanje,...

Ivyo mugiyeye kwubaka na vyo ni urukundo ubutungane n'ugutsinda ubwoba mubutsindishije ukwemera n'ukwizigira, mubigire muzi ko turi ku rugamba, maze aho mudidaniwe mutere akamo Yezu nka kumwe umutumwa Petero yabigira ati: "Ntabara Mukama ndapfuye"(.....).

Nimube intangarugero mukuremesha benewanyu no mukwegeraniriza hamwe urundi rwaruka mubicishije mu dushirahamwe two kwiyounganyanya nk'uko abo muri Renouveau charismatique batanguye kuvyerekanana.

Muri vyose, mwirinde ubunibuni, ubusuma, uburyarya n'ayandi mabi bene ayo kuko ari vyo bisubiza abantu mw'ihumbi.

Sicaire MIBURO
SAVACOM

Umuzo w'Inkuru nziza ya Yezu Kristu mu Burundi n'ingene twobandanya kuyiremesha

(Bitangurira ku rup.5)

Mu 1962-1965 habaye inama nkuru ya Vatikanoyi ya 2 aho hizwe ingene hokoreshwa uburyo bushasha bwo kumenyesha Inkuru nziza abantu banone. Niho hatomorwa ko Ekleziya ari Umu-

ryango umwe ugizwe n'abasubirizi babatumwa, abapatiri n'abadiyakoni n'abakristu balayike. Mu mwaka 1976 niho abungere bacu b'iburundi batanguza amanama Sahwanya. Aho niho havuye icyumviro c'Imibanda mitomito.

Mu 1994 niho haba inama iroma yerekeye umugabane wa Afrika aho twahamagariye kwisungira Inkuru nziza ya Yezu Kristu gusumba uko twahora.

Mu 2009 waratanguje

inama nsangizangendo yo kurekurirana n'ugusubiza hamwe. Dutegerezwa rero kuguma duca mu makanda y'abatumenyesheje ubwa mbere Inkuru nziza ya Yezu Kristu.

Patiri Pacifique UWITONZE
SAVACOM

Indwara y'umugongo n'ingene twoyirinda

Icika ry'umugongo no kubabara mu kayunguyungu (Dorsalgie Lombalgie) canke uburibwe bwo mukayunguyungu (Douleur lombalgique) bibangamiye benshi kandi igice kinini bivana n'imibereho ya misi yose (Style de vie)

- Imiti twanyoye itandukanye, ivyo dufungura buri musu kenshi bigwiza ubucafu busigara mu mubiri no mu magufa (acide urique, urée, purine)

- Kunywa itabi, kwama ku nzoga n'ibisosa vyaburi musu, kugira uruhagarara mu bwonko, kutanwa amazi nokudafata ingaburo nyunganira mubiri, biratuma ugira iyo ngorane

Indwara y'umugongo iriko ifata bande?

Indwara y'umugongo ni indwara iriko yibonekaza cane mu bantu bose ariko cane cane mu bantu bafise imyaka iri hagati 27 gushika ku myaka 57, babitewe n'impamvu zitandukanye ariko muri zo nyishi umuntu yozirinda.

Kubabara umugongo canke kurwara umugongo biva kuki?

Kurwara umugongo biva kuri vyinshi, nico gituma tutobidondagura vyose tubimare kiretse twicaranye
Ariko tubabwire bike muri vyo:

-Kwikinisha ivyo benshi bita kwisambanya (Masturbation)

- Kwicara canke guhagarara umwanya munini mu buryo bumwe,

- Impanuka zitandukanye umuntu yagize

- Umuvyibuho urenze (obésité ou maladie obèse) canke kugira ibiro vyinshi bitajanye n'uko ureha

- Kubura ivyunyunyumu mu mubiri (calcium, magnesium, Phosphore, vitamine B)

- kugira igwirirana ry'ubucafu mu mubiri (déchet de métabolisme) bita (acide urique) bukirundira hamwe mungingo z'umubiri zikavyimbagana (enflure); bigatera indwara ya «go-ûte » n'umugongo

- igwirirana rirenze ry'ivyunyunyumu (plomb na mercure) mu mubiri bituma ucika umugongo

- kugira ikibazo c'umusi-pa mu mugenza (hernie discale)

-Kwicara nabi umwanya munini uhese umugongo,

- kugira uburwayi mu ruti rw'umugongo (infection du Rachis)

- Ubumuga butandukanye umuntu yavukanye nk'inyonzo n'ibindi,



- Kwambara ibirato birebire, (haut talon) ukabi-



gendesha umwanya munini

- Kwikorera canke guterura ibintu biremereye umuntu yunamye ,

- Kuryama ahantu hata-meze neza nko kuri matela inepa cane

remereye cane,

- Kwirinda kwicara canke guhagarara umwanya munini mu buryo bumwe.


- Icare neza umugongo ufashe kuntebe, amaguru nayo hasi

- Uri mugufi raba ico u-shigikiza amaguru

- Kunywa amazi menshi bifasha ubwonko n'ama-fyigo kukora neza ,bigatuma uvomerera neza uruti rw'umugongo

- Gukora ikarashishi ngororamubiri kabiri mw'iyi-nga zikaba arizo nkeya.

- Gukurikiza amabwi-



None hokorwa iki kugira ntugware canke wirinde umugongo?

Menya ubwambere ko indwara y'umugongo ivurwa igakira kandi neza cane iyo yivujwe hakiri kare ariko kwirinda biruta kwivuza.

Ico wokora kugira ntugware umugongo:

- Fungura ingaburo zirimwo ivyunyunyumu bikwiye wirinde kurenza

- Kwirinda guterura canke kwikorera ibintu bi-

riza yo kwirinda impanuka mu vyo umuntu akora vyose ,

- Gabanya ibiro vyawe,

- Ihutire kugwanya iyo ngwara ucumva ibime-nyetso wirinde kurenza imisi 3 utarivuzwa, ni kuvuga amasaha 72

Ntimusinzikazwe niyo ngwara, kurikiza impanuro z'abavuzi, niho uzogira amagara meza

Hahiriwe abitonda kuko bazotorana isi *(Matayo 5,5)*



«Hahiriwe abari mu marira, kuko bazohozwa; Hahiriwe abashonje n'abanyotewe ubutungane, kuko bazoshira ipfa; Hahiriwe abahamwa bahorwa ubutungane, kuko ubwami bw'ijuru ari ubwabo» (Mt 5, 4.6.10).

▲Nuy'umutamana w'ubuhirwe bwa Yezu Kristu, umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni yamye awitwiriye.

Mu butumwa hama hari ibigoye kuri bose, bose barahura n'umusalaba. Na Musenyeri Venansi Bacinoni ntiyari gushobora kubisimba. Kenshi kubera yitonda kandi atatwaza umukazo, abantu basangiye ubutumwa baramugerageza batanabizi canke bakanagira ivyo bashaka kuko atigera ashaka gufata ingingo idahuriweko nabo bafatanije ubutumwa.

Yari umuntu azi kwivako cane ariko ivyo vyose nivyo usanga umuntu yikoreye nk'umusalaba ntaheze ngo ashike kuvyo yipfuzwa kubera yahebeye abandi. Mur'iy'isi ntibibura kubabaza rimwe rimwe umutima.

Ariko ubwiza bw'umusavyi w'Imana Musenyeri

Venansi Bacinoni nuko atawashobora no kubica n'ikanda ko ababaye canke ashavuye kuko wamuntu w'imbere Paolo mweranda avuga, yari yarashikiriye igikuriro gituma yiyumanganya kugira ntatange akarore-ro kabi.

«Hahiriwe abanyakigongwe kuko bazokigirirwa» (Mt 5, 7).

▲Nuy'umutamana w'ubuhirwe, umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni yarawitwiriye kuko yari umuntu afise impuhwe n'ikigongwe, ni ukuvuga umuntu atarengana uwufise ibibazo, ari ivyo ashobora gutorera inyishu yaca afasha uyo muntu, ari ivyo adashoboye akabifatira umwanya.

Kenshi abantu barazi uwo birukira ntibirukane! Abantu boro, abato n'abakuze bama baje kumusaba imfashanyo kuko babona ari mukuru.

Ntibibaza ko ataco afise. Ariko bose yaragerageza kubafasha mur'utwo duke afise, abandi akababwiza ukuri ko atavyo ashoboye.

Umutima w'impuhwe yarawushikana no mu butumwa aho yama afise umwitwarariko w'ingene abakristu baruha kubera urugendo runini bagira bagiye kurondera abasaserdoti, arico catumye arwiza ama paruwasi muri Diocèse ya Bururi igihe yarangura ubutumwa bw'umwepiskopi. Ivyo vyose yabigirana wa

mutima ushima ubworo kuko kenshi ayo ma paruwasi yatangura mu bukene bwinshi, ariko abasaserdoti bakaba begereye abakristu kugira babavunire urugendo bongere babagabanirize ubukene bw'umutima n'umubiri.

Kubera uyo mutima w'ikigongwe yari yaratanjwe n'ishirahamwe ryogufasha abatama n'abatamakazi riyitwa «Mains ouvertes».

Sinzi ko ryagumye ribandanya kubera yari umuntu yitonda kandi w'umutima ushima ubworo ngira n'abamufasha ntibabonetse cane. Igihambaye ni uyo mutima wo kwitwararika abandi.

▲Ng'iri rero ishimwe ryabasavyi b'Imana nka Musenyeri Venansi Bacinoni. Ko yarafise umutima mwiza namaze kubivugaga hejuru kandi vyagaragara kuko akuzuye ntikamurikwa.

Kandi yari umuntu w'amahoro muri we ubwamubere hanyuma ahari, yahazana amahoro.

Ayo mahoro yakayangana mu maso hiwe niyo yahora agerageza gushikana hose mu butumwa yarangura. Nta muntu numwe azopfa amwagiriye umutima w'amakubiri naho yatuntuje igihugu cacu.

Mubihebeye Imana no mu basaserdoti umusavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni ase-

rutse buzura icubahiro, amahoro n'ukumutangarira. Ntiyarambira, yari umuntu mwiza. Azobona Imana kandi azokwitwa umwana w'Imana.

Iyi ntahe ndayishinze kugira tumenye ko Imana yari yaratugabiye. Umuntu nk'uyo musavyi w'Imana Musenyeri Venansi Bacinoni Imana ntiyama yamugabiye abantu b'inzaruko zose, yari amaze imyaka 82.

Hashobora guca iyindi nkiyo ata muntu mwera-nda nka Musenyeri Venansi dushubiye kuronka. Nukugira ntidupfise ubusa akarorero keza yaduhaye. Umwe wese atenze imbere ingabirano yahawe n'Imana abigirane ukwicisha bugufi kuko Imana yanka abishima n'abirata.

Umukama wacu Yezu Kristu nahezagirwe we yaduhaye kumenya nukwegera umusavyi wayo Musenyeri Venansi Bacinoni. Naruhuke mu mahoro y'Imana kandi umuco w'Umukama umuboneshereze.

Nakare niryo jambo ry'ubuzima ryamuherekeza: «Ijambo ryawe ni ryo mucu umboneshereza» (« Ta parole est une lampe à mes pieds, Et une lumière sur mon sentier ») (Ps. 118/119, v.105).

Uburenganzira bwo kwandikwa mu bitabu ndangamuntu

Umwana wese avutse ategerezwa guhabwa izina kandi akandikwa mu bitabu ndangamuntu mu kiringo gitegekanijwe n'amategeko.

Ukwandikwa mu bitabu ndangamuntu ni uburenganzira bw'abana bose hatarabwe ko bavutse ku bavyeyi bubakanye canke batubakanye.

Uburenganzira bwo kwa-ndikwa mu bitabu ndangamuntu butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu hamwe n'amategeko y'igihugu.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu atunganya ubwo burenganzira

Uburenganzira bwo kwa-ndikwa mu bitabu ndangamuntu butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu atandukanye :

* amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vyabo no mu vyerekeye poritike,

* amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abana,

* hamwe n'amasezerano ya Afrika yerekeye agateka n'ukubaho neza kw'abana.

Ingingo ya 24 y'amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vyabo no mu vyerekeye poritike mu gace kayo ka 2 ivuga ko umwana wese ategerezwa kwandikishwa



akivuka akongera akitwa izina.

Ingingo y'7 y'amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abana mu gace kayo ka mbere ivuga ko umwana wese ategerezwa kwandikwa akivuka, abwirizwa guhabwa izina, akaronka igihugu yitirirwa kandi bishobotse akamenya abavyeyi biwe, nabo bagategerezwa kumurera.

Ingingo y'8 mu gace ka mbere ivuga ko ibihugu vyemeje aya masezerano vyiyemeje kwubahiriza amateka agenera umwana wese akaranga kiwe, harimwo ukugira igihugu yitirirwa, guhabwa izina, ubucuti afitaniye n'umuryango wiwe, nk'uko bitegekanijwe n'amabwirizwa atawuyisutsemwo.

Agace ka kabiri k'iyi ngingo kavuga ko mu gihe umwana yarenganijwe akabura ibimuranga vyose canke bimwe muri vyo, ibihugu vyemeje aya masezerano bitegerezwa kumukingira bimwe biboneka kandi bikamufasha gusubizwa mu gatega kiwe bidateveye.

Ingingo ya 6 y'amasezerano ya Afrika yerekeye agateka n'ukubaho neza kw'abana ivuga ko umwana wese afise uburenganzira bwo kugira izina, kwandikishwa mu bitabu ndangamuntu akivuka no kugira ubwene-gihugu.

Nk'uko duhejeje kubibona, amategeko mpuzamakungu atandukanye aratunganya uburenganzira bwo kwandikwa mu bitabu ndangamuntu. N'amategeko y'igihugu c'Uburundi ni uko nyene.

2. Ingene amategeko y'igihugu c'Uburundi atunganya ubwo burenganzira

Mu mategeko y'igihugu c'Uburundi, tuja kwisunga ibiri:

* mw'Ibwirizwa Shingiro,

* mu gitabu c'amategeko agenga ingo n'abantu mu Burundi,

* mu gitabu c'amategeko mpanavyaha, mu gitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha

zitohozwa, ziburanihwa n'ingene zicibwa,

* hamwe n'ibiri mw'itegeko nshikiranganji n° 630/1 ryo ku wa 5 nzero 1981 rituganya akazi k'abana.

Ingingo ya 19 y'Ibwirizwa Shingiro irinjiza mu mategeko n'amabwirizwa bigenga Uburundi amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu bwashizeko umukono.

Ingingo ya 30 mu gace kayo ka 3 ivuga ko urugo n'imiryango, mbere n'igihugu cose bitegerezwa gukingira bimwe bidasanzwe abana biva nyene n'uko batarashika mu bigero.

Ingingo ya 11 y'igitabu c'amategeko agenga ingo n'abantu mu Burundi ivuga ko umuntu wese ategerezwa kugira izina rimuranga. Rishobora guherekezwa n'iritazirano rimwe canke menshi.

Ingingo ya 13 ivuga ko uwugiye kwandikisha umwana ari we amwita izina kandi amwita iryo ashatse.

Ingingo ya 37 ivuga ko ivuka ry'umwana ritegerezwa kumenyeshwa umukuru w'ibiro ndangamuntu w'aho nyina w'umwana aba mu misi cumi n'itanu ikurikira ivuka ry'uwo mwana.

Ingingo ya 38 ivuga ko ukwandikisha ivuka ry'umwana vyerekeye : se w'umwana, se atabis-

Uburenganzira bwo kwandikwa mu bitabu ndangamuntu

(Bitangurira ku rup.10)

hoboye, nyina w'umwana ; se na nyina w'umwana batabishoboye, uwo wese yabonye aho uwo mwana avuka.

Umwana yanditswe aronswa urupapuro ruranga aho yavukiye, izina ryiwe, igitsina ciwe n'amazina y'abavyeyi bose iyo ari umwana yavutse ku bavyeyi bubakanye.

Ingingo ya 40 ivuga ko urwandiko rwemeza amavuko y'umwana w'ishushu rumenyeshya gusa izina rya nyina kiretse iyo se aciye amwemera nyene.

Mu ntumbero yo kubahiriza uburenganzira bwo kwandikwa mu bitabu ndangamuntu, ingingo ya 45 ivuga ko Buramatari w'intara canke intumwa yiwe yishimikije imvo zumvikana yashikirijwe, arashobora gutegeka ko handikwa mu bitabu vy'inzandiko ndangamuntu ivuka ry'umwana canke gufutisha umuntu yapfuye naho ikiringo c'iminsi cumi n'itanu gitegekanyijwe n'amategeko kiba cararenganye.

3. Inkurikizi ku muntu atanditswe mu bitabu ndangamuntu.

Nk'uko twabonye ko amategeko mpuzamakungu n'amategeko y'Uburundi ategekanyako umwana wese avutse yandikwa mu bitabu ndangamuntu kugira

amenyekane kandi akinzirwe ivyo vyose vyotuma agateka kiwe gahungabana.

Iyo umwana atandikishijwe, uburenganzira bwiwe bushobora kutubahirizwa.

Iyo ata cemeza amavuko yiwe kihari, umwana ashobora kwinjizwa mu mirwi irwana kandi ingingo ya 45 y'Ibwirizwa Shingiro ivuga ko bibujijwe ko umwana uwo ari we wese akoreshwa mu ntambara, ko mu gihe c'intambara abana bategerezwa gukingirwa.

Iyo ata rwandiko rwemeza imyaka yiwe, umwana apfunganwa n'abakuze, igihe kirekire kandi Ibwirizwa Shingiro ritegekanyako mu ngingo ya 46 ko umwana wese apfunzwe ategerezwa gutandukanywa n'imbohe zirenza imyaka cumi n'itandatu y'amavuka kandi agafatwa mu buryo bukwiranye n'imyaka yiwe.

Mu gihe ata cemeza imyaka yiwe, umuntu ashobora gutakaza uburenganzira bwo kwitoza n'ubwo kwitorera abamuserukira mu ntwaro y'igihugu ciwe kandi ingingo ya 51 y'Ibwirizwa Shingiro ivuga ko umurundi wese afise uruhara mu vyerekeye itunganywa ry'ivy'igihugu, yiserukiye we nyene canke biciye ku bamuserukira ariko bidateye kubiri n'amabwirizwa abitegekanyako nk'ayerekeye imyaka y'amavuka n'ayerekana ababikwiye. Umurundi wese arasho-

bora kandi gushingwa amabanga yo mu gihugu ciwe.

Umwana iyo atanditswe, aratakaza uburenganzira bwo kudakurikiranwa n'amategeko mpanyaha mu gihe yakoze icaha atarakwiza imyaka 15 kandi ingingo ya 28 y'igitabu c'amategeko mpanyaha ivuga ko abana batarashikana imyaka cumi n'itanu badashobora guhanwa n'amategeko mpanyaha. Ivyaha bikozwe n'abatarashikana iyo myaka bitangirwa indishi gusa.

Iyo ata cemeza imyaka kihari, urubanza ruratohozwa, rukaburanishirizwa mu ntahe y'icese kandi rugacibwa nk'uko bikorwa ku manza z'abantu bakuze kandi ingingo ya 287 y'igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha ziburanishwa, zitohozwa n'ingene zicibwa ivuga ko mu gihe umuntu afise imyaka iri hagati ya 15 na 18 yakoze icaha gikomeme gituma ategerezwa gupfungwa ivy'agateganyo, ashobora gupfungirwa gusa mu kigo kijejwe kwigisha abana kubana neza canke mu kibanza kiri mw'ibohero kigenewe kwakira abana, itohoza rigirwa n'igisata ca sentare nkuru y'igihugu kijejwe gucira imanza abana rigaheza rikabandanya. Sentare yose ishikirijwe urubanza rurimwo umwana itegerezwa kuruburanisha mu mwiherero.

Umwana arafise uburen-

ganzira bwo kwirondere se mu mwaka ugira mirongo ibiri na kabiri avutse. Iyo ata cemeza amavuko yiwe kiriho arashobora gutakaza ubwo burenganzira.

Iyo umuntu adafise icemeza imyaka yiwe, arashobora gukoreshwa ibikorwa bibangamira amagara yiwe kandi yategerezwa gukingirwa nk'uko Itegeko nshikiranganji n° 630/1 ryo ku wa 5 nzero 1981 rituganya akazi k'abana ritegekanyako mu ngingo ya 13 ko umuntu atarashikana imyaka cumi n'umunani adakoreshe ibikorwa bishobora kubangamira ubuzima bwiwe nk'ukwimba ubutare, ugukora ibijanye n'umuyagankuba, ibikorwa bikorerwa mu mazi nk'ugutwara ubwato canke akazi ko mw'ijoro.

Umwana atarakwiza imyaka 5 avurwa ku buntu. Iyo umwana atandikishijwe mu bitabu ndangamuntu aca atakaza ubwo burenganzira.

Uburenganzira bwo kuronswa inyigisho burashobora guhonyangwa mu gihe umwana adafise urupapuro rwemeza imyaka yiwe.

Mu gusozero, twagira twibukanye ko umwana wese afise uburenganzira bwo kwandikwa mu bitabu ndangamuntu akivuka, akagira izina

Ikigo ca leta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko

«CPDHPG»

Musenyeri Bonaventure Nahimana yarashikirijwe Icatabugabo n'Intumwa ya Papa mu Burundi.

Ku wa 15 Myandagaro 2022 ku kirimba ca Bikira Mariya i Mugera, mu nkuka ya misa yo guhimbaza umunsi mukuru w'iyurizwa mw'ijuru rya Bikira Mariya, Intumwa ya Papa mu Burundi Nye-nicubahiro Musenyeri Dieudonné Datonou yarashikirije «icatabugabo» Umwungere mukuru wa Diyoseze nkuru ya Gitega nyenicubahiro Mu-senyeri Bonaventure Nahimana.

Mu ntango y'inkuka ya misa, Intumwa ya Papa mu Burundi yarasomeye abakristu bari aho ubutumwa bwa Papa Francisiko bumenyeshya ico kimenyetso cashikirijwe umwungere wa Diyoseze nkuru ya Gitega, yongera aramenyeshya ko imbere ya 2015 ico kimenyetso cambarirwa i Roma, ariko ubu kikaba cambarirwa muri Diyoseze imbere y'ishengero ry'abakristu uwo mwungere aba agiye kuyobora.

Imbere yo gushikirizwa



uwo mwambaro, Musenyeri Bonaventure Nahimana yarasubiyemwo igisabisho ca Ndemeye yongera yemera kuzorangura ibi bikurikira, ashize ikiganza kw'Ijambo ry'Imana:

• Ukuri kwose kuri mw'I-



jambo ry'Imana n'uko Ekleziya yigisha kukaba ariko nawe azokwigisha.

- Kuzokwama ahagararira amategeko y'Ekleziya cane cane ayo dusanga mu gitabo c'amategeko y'Ekleziya.

- Kuzigama ubumwe bw'Ekleziya ishashe kw'isi yose.

- Kuzokora uko ashoboye ngo akomeze inyigisho z'Ekleziya Katolika ari mu bumwe n'umuvyeyi wacu Papa we nkomoko n'ishimikiro ry'Ubumwe, ukwemera no guhuza imitima mu muryango wacu w'Ekleziya.

- Gukorera mu bumwe no mu mumvukano kumwe n'Abepisikopi basangiye intara y'ubutumwa ya Gitega igizwe na Diyoseze ya Gitega, Ngozi, Muyinga, Ruyigi na Rutana.

- Gukorera mu bumwe no mu rukundo n'abandi Bepisikopi b'Ekleziya y'Uburundi mbere n'abandi b'Ekleziya Katolika. Ivyo biheze intumwa ya Papa yaciye amwambika uwo mwambaro bita « Icatabugabo », inkuka

y'imisa ica irabandanya iyobowe n'Umwungere mukuru wa Diyoseze ya Gitega.

Mu nsiguro y'ijambo ry'Imana, Musenyeri Bonaventure Nahimana yarerekanye ubwa mbere igituma duhimbaza umunsi mukuru w'iyurizwa mw'ijuru rya Bikira Mariya umutima n'umubiri.

Ati : «Turahimbaza umunsi mukuru w'iyurizwa mw'ijuru rya Bikira Mariya umutima n'umubiri kuko mw'iryo teka, kamere yacu yatewe iteka ryo gushika mu buninahazwa bw'ijuru ; Bikira Mariya yabaye ishusho n'ingwati y'Ekleziya nyene uko izomera ku muhero w'isi, akabera abakiri ku rugendo ikimenyetso cuzuye amizero n'uruhoza, ivyo rero bikaduha kwizigira ko natwe tuzozera neza urugendo rwacu rwaha kw'isi ».

Kubakekerezwa iryo teka Bikira Mariya yatewe, Umwungere wa Diyoseze nkuru ya Gitega ari-sigura afatiye ku maja-

mbo ya Paulo mweranda atubwira ko mu gihe abemera banywanye na Kristu bagasangira nawe amagorwa, bakaronka Mutima Mweranda mu buninahazwa bwiwe bazukana na Kristu.

None ko umukristu wese yabaye umwe na Kristu Yezu, bagasangira vyose azozukana na Kristu hari akantu Bikira Mariya atanumwe banganije kuba mu bumwe na Yezu Kristu umwana wiwe.

Ubunywanyani bwa Biki-ra Mariya n'umwana wiwe mu buninahazwa ni inkurikikizi z'ubumwe bwuzuye bari bafitaniye kuri iyi isi.

Ubwa kabiri umwungere wa Diyoseze nkuru ya Gitega yaramenyeshyeje intumbero y'igikorwa abaserukira Reta n'Ekleziya baranguye mu mwaka w'i 1961 aho bashikani-ra Uburundi umushaha utatyoye wa Bikira Mariya basabira amahoro igihugu kubera ingorane za politike carimwo.

Inyuma y'inkuka ya misa uwuserukira intumwa ya Papa yarashikirije indamutso n'umuhezagiye y'umuvyeyi wacu Papa abakristu bari aho. Arakeza Musenyeri Mukuru wa Diyoseze nkuru ya Gitega yashikirijwe «icatabugabo» ;yongera atura Bikira Mariya ivyo musenyeri yemeye kuzohagararira.

MSV M. Goreth NDIKUMANA